



Pou Piblikasyon Imedya: 13/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, LIDÈ MAJORITE SCHUMER AK SENATÈ GILLIBRAND
AKÒDE PLIS PASE 140 MILYON DOLA POU SIBVANSYON NAN ENFRASTRIKTI
MINIPIPAL CONNECTALL LA POU POTE ENTÈNÈT WO DEBI A WOT VITÈS BAY
PLIS PASE 60,000 KAY AK BIZNIS**

Finansman pou sipòte plis pase 1,931 km (1,200 mil) nouvo enfrastrikti wo debi piblik

ConnectALL lanse [tablobòd](#) pou retrase pwogrè agrandisman wo debi nan rejyon Nò Eta Nouyòk la

Avanse inisyativ ConnectALL 1 milya dola Gouvènè Hochul la pou asire yon wo debi ki abòdab, fyab pou chak Nouyòkè

Lwès New York Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite Charles Schumer ak Senatè Kirsten Gillibrand te anonse jodi a plis pase 140 milyon dola sibvansyon nan Pwogram Sibvansyon nan Enfrastrikti Minisipal ConnectALL la pou elaji enfrastrikti wo debi nan tout rejyon Nouyòk Santral, Finger Lakes, Mohawk Valley, North Country, Mid-Hudson ak rejyon Lwès Nouyòk yo. Patenarya piblik-privè sa yo pral mennen nan konstriksyon plis pase 1,931 km enfrastrikti fib optik ak sant san fil piblik, k ap konekte plis pase 60,000 kay ak biznis ak sèvis abòdab, simetrik — sa k ap ofri menm vitès pou telechajman ak televèsman nan pousantaj ki pi ba pase mwayèn rejyonal yo. Sis nouvo sibvansyon sa yo bati sou rekonpans anvan yo, ki mennen total pwogram nan a 214.7 milyon dola, ki finanse prensipalman pa Fon Pwojè Kapital Depatman Trezò a. An jeneral, pwogram nan sipòte kounye a plis pase 2,000 mil enfrastrikti wo debi, ki rive jwenn plis pase 87,000 kay ak biznis nan tout eta a.

"Jodi a make yon etap transfòmasyon nan misyon nou pou konekte chak Nouyòkè ak entènèt gwo vitès ki abòdab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou investi plis pase 140 milyon dola nan enfrastrikti wo debi piblik nan sis rejyon yo, nou pa sèlman mete kab fib optik abòdab n ap bati pon pou edikasyon, swen sante, opòtinite ekonomik ak pwosperite. Avèk nouvo tablobòd entè-aktif nou an, Nouyòkè yo kapab kounye a swiv pwogrè nou pandan n ap travay pou asire ke okenn kominote pa rete deyè nan avni dijital nou an."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Aksè ak entènèt gwo vitès se pa yon liks, men se yon nesosite, yon sèvis piblik ki enpòtan anpil tankou elekrisite pou lavi chak jou Jodi a, Nò Nouyòk franchi yon etap majè nan direksyon pou fèmen divizyon dijital la. Mwen fyè pou m bay plis pase 140 milyon dola pou ede elaji enfrastrikti wo debi pou ranfòse aksè ak bon jan kalite entènèt ki abòdab pou 60,000 kay ak biznis atravè Nò Nouyòk. Sa pral ede kominote yo nan chak kwen nan Nò Eta Nouyòk depi Vil Jamestown rive nan pati riral Schoharie, Orleans ak Konte Sullivan. Li pral ede fanmi yo rete konekte ak edikasyon, swen sante, opòtinite ekonomik, epi youn ak lòt. Lè m te mennen Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan, ARP) an ak Lwa sou Enfrastrikti ak Travay Bipatisan (Lwa sou Enfrastrikti & Travay Bilatral) an nan adopsyon yo, mwen te asire ke te gen finansman pou investisman alontèm tankou sa a ki ta kreye travay ki byen peye pou ede konstwi enfrastrikti 21è syèk la ki nesese pou fè entènèt gwo vitès rive nan toutkwen nan eta a kèlkeswa kòd postal la. Mwen rekonesan pou travay Gouvènè Hochul fè pou mete dola federal sa yo nan travay pou asire tout Nouyòkè yo jwenn aksè ekitab ak entènèt la ke yo merite."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Chak Nouyòkè merite entènèt abòdab, gwo vitès, kèlkeswa kote y ap viv. Investisman sibstansyèl sa a nan enfrastrikti wo debi piblik pral ede konekte Nouyòkè yo ak opòtinite travay adistans, randevou telesante ak pwogram edikasyon sou entènèt, sa ki pral mennen eta nou an nan yon etap pi pre pou fèmen divizyon dijital la yon fwa pou tout. Mwen fyè dèske m te ede sekirize finansman vital sa a atravè *Lwa sou Plan Sekou Ameriken* an, epi mwen pral kontinye travay pou elaji aksè fyab sou entènèt atravè eta nou an."

Pou sipòte transparans ak angajman piblik, ConnectALL te lanse tou yon vèsyon beta nan tablodbò pwojè entèaktif li yo, ki pèmèt itilizatè yo wè kote ak detay kle pou chak pwojè wo debi. Tabblobò a, ki disponib [isit la](#), pral kontinye elaji ak nouvo karakteristik ak enfòmasyon sou sibvansyon adisyonèl atravè tout pwogram ConnectALL yo.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Elaji aksè ak wo debi esansyèl pou avni kominote nou yo ak vitalite ekonomi nou an. Atravè patenarya èstratejik piblik-prive, nou ap non sèlman elaji enfrastrikti wo debi kritik, men tou ankouraje konpetisyon, bese depans yo ak kreye yon fondasyon pou inovasyon. Investisman sa yo pral transfòme kominote yo soti nan Finger Lakes rive nan North Country, pou asire ke Entènèt gwo vitès vin fondamantal ak aksesib menm jan ak nenpòt lòt sèvis piblik."

Finansman pou Pwogram Enfrastrikti Minisipal ConnectALL la te akòde atravè Depatman Trezò Ameriken (U.S. Department of the Treasury) an nan kad Fon Pwojè Kapital (Capital Projects Fund) Plan Sekou Ameriken an. Enfrastrikti wo debi nan Pwogram Enfrastrikti Minisipal la pral posede pa yon antite piblik oswa kontwole piblikman. Founisè sèvis entènèt yo pral sèvi ak nouvo enfrastrikti wo debi a pou bay Nouyòkè yo opsyon sèvis abòdab ak kalite siperyè.

Benefisyè ki pi resan yo nan Pwogram Enfrastrikti Minisipal la enkli:

- Konte Orleans (Finger Lakes) – \$11 milyon:** Konte Orleans pral itilize 11 milyon dola nan fon MIP pou pwolonje rezo entènèt san fil li a pou sèvi plis pase 11,000 lokal ak vitès 100/100 Mbps. Pwojè sa a pral bati sou yon pwojè entènèt san fil ki gen siksè konte a te lanse an 2020 ak RTO Wireless, lè li enstale 21 sant san fil nan nou tou ak tou ki deja egziste yo. Konte a pral posede rezo a, ke RTO Wireless pral konsevwa, konstwi, mentni ak opere. Tou yo pral ouvri pou lokasyon pou lòt ISP yo. Konte a pral pwolonje patenarya li a ak United Way tou pou bay fòmasyon alfabetizasyon dijital ak sansibilizasyon kominotè, abòde baryè adopsyon an nan mitan fanmi ki gen revni fèb yo. Pwojè a adrese defi a pou bay entènèt gwo vitès nan zòn riral yo ak yon dansite popilasyon ki ba ki gen 103 moun pou chak kilomèt kare. Solisyon san fil dènye kri konte a, konbine avèk patenarya kominotè solid, bay yon altènativ rantab fas ak rezo fib, ankouraje ekite dijital ak amelyore koneksyon pou rezidan yo, biznis, edikasyon ak kominote agrikòl la.
- Wo debi pou Konte Schoharie (Mohawk Valley) – \$30 milyon:** Pwojè Wo debi pou Konte Schoharie a pral konstwi 479 km (298 mil) fib pou konekte plis pase 4,000 lokal, ki gen ladan konsiderableman tout kote ki pa jwenn sèvis nan konte a. Nouvo enfrastrikti a pral rive nan zòn ki pi riral yo ak ki pi difisil pou atenn nan konte a. Konte a pral fè patenarya ak MIDTEL, ki ap sèvi kliyan nan Konte a pou plis pase 125 ane. Konte a pral posede enfrastrikti a epi li pral pwofite ekspètiz MIDTEL pou konstwi ak opere rezo a. Rezo a pral gen aksè ouvè, ak pwen entèkoneksyon nan biwo santral MIDTEL la ak nan de pwen agregasyon kii distribye atravè konte a. Inisyativ sa a pral rann sèvis disponib nan pri ki pi ba pase mwayèn konte a ak objektif pou amelyore rezilta edikasyon, sante ak travay patikilyèman nan zòn ki gen revni fèb nan konte a.
- Konsèy Planifikasyon ak Devlopman Rejyonal nan Nouyòk Santral (Nouyòk Santral) – \$26 milyon:** Konsèy Planifikasyon ak Devlopman Rejyonal nan Nouyòk Santral la pral etabli CNYNET, yon rezo fib rejyonal aksè ouvè pou sèvi 6,671 lokal nan Konte Cayuga ak Cortland. Konsèy la te fè yon Etid Enfrastrikti Wo Debi an 2021 pou devlope konsepsyon rezo a, ki bay pi gwo opòtinite pou elaji chwa konsomatè yo nan kote ki pa sèvi ak zòn ki antoure nan de konte yo. Konsèy la pral fòme CNYNET, Inc., kòm yon sosyete devlopman lokal san bi likratif pou posede ak jere rezo a. Empire Access pral opere rezo a epi delivre sèvis entènèt rezidansyèl sou rezo a. Konte Cayuga ak Cortland pral kontribye 7 milyon dola ak 3 milyon dola respektivman nan bidjè total pwojè a ki se 36.2 milyon dola.

- Konte Franklin (North Country) – \$13.1 milyon:** Konte Franklin pral konekte kote ki pa sèvi yo lè l sèvi avèk solisyon soti nan Fib ale nan Kay ak solisyon San Fil Fiks Pwochen Jenerasyon. Konte a ap fè patenarya ak Airosmith Development pou konsepsyon ak LayerEight pou konstriksyon ak operasyon, bati 232 km (144 mil) fib epi enstale kat poto pou lyezon ak kouvèti san fil. Konte a pral posede epi opere yon pati nan nouvo enfrastrikti ak Hudson Valley Wireless k ap sèvi kòm founisè sèvis entènèt. Nan Zòn 2 ki adjasan ak teritwa St. Regis Mohawk la, konte a pral transfere enfrastrikti nan Mohawk Networks k ap aji nan non Konsèy Triba la apre yo fin konplete rezo a epi Mohawk Networks pral founisè sèvis nan zòn sa a. An total, pwojè sa a pral konekte 1567 lokal, ki gen ladan 46 Enstitisyon Ankraj Kominotè.
- Konte Sullivan (Mid-Hudson) – \$29.9 milyon:** Konte Sullivan ap fè patenarya ak Archtop Fiber LLC pou sèvi plis pase 22,000 kay ak biznis, pwofite gwo tou ki egziste deja konte a ak kapasite Archtop nan konstriksyon fib optik. Konte Sullivan pral posede enfrastrikti a, alòske Archtop Fiber ak Hudson Valley Wireless pral sèvi kòm founisè sèvis entènèt. Konte a pral konstwi 407 km (253 mil) fib ak yon nouvo tou kominikasyon, anplis de 11 tou li deja posede yo, pwolonje sèvis wo debi nan kote ki pa jwenn ase sèvi ak kote ki pa gen sèvis yo. Konte Sullivan ap fè fas a defi inik akòz tèren seksyon riral ki gen mòn li yo, dansite popilasyon ki ba li yo ak estati yo, kòm sa ki pi detrès nan sèt konte yo reprezante pa Konsèy Rejyonal Hudson Valley ki te dekouraje depi lontan deplwaman wo debi nan konte a. Inisyativ sa a ranvèse tandans sa a pou anpil nan kay ki pa jwenn sèvis nan konte a epi kreye nouvo opòtinite nan sante, edikasyon ak byennèt ekonomik.
- Vil Jamestown / EntryPoint Networks Inc. (Western New York) – \$29.9 milyon:** Vil Jamestown ap fè patenarya ak EntryPoint Networks ak Quanta Telecommunication Services pou konstwi yon rezo fib aksè ouvè pou sèvi tout 14,447 kay ak biznis ke sèvis piblik Jamestown lan ap sèvi. Konsèy Sèvis Piblik Jamestown lan pral posede epi opere enfrastrikti a, ak EntryPoint Networks ki bay ekipman ak lojisyèl telekominikasyon ak Quanta k ap jere konsepsyon ak konstriksyon an. Pwojè sa a pral adrese enkyetid depi lontan nan kominote a sou fyabilite ak abòdabilite wo debi. Ansanm ak bese pri konsomatè yo ak amelyore pèfòmans ak fyabilite rezo a, rezo a pral ankouraje opòtinite ekonomik, amelyore rezilta edikasyon pou timoun nan Jamestown, ak avanse swen sante ak byennèt jeneral pou tout vil la.

Pwogram Enfrastrikti Minisipal la pran an konsiderasyon [pwojè pilòt](#) ki gen siksè ConnectALL la, ki montre potansyèl transfòmasyon rezo fib optik piblik ak aksè ouvè.

Rezo sa yo, ki fèt pou itilize pa plizyè founisè sèvis, pote chwa konsomatè ki nesèsè anpil nan zòn ki pa jwenn ase sèvis yo. Lè yo trete wo debi kòm yon sèvis piblik debaz, pwopriyete piblik asire aksè inivèsèl pou tout kay nan kominote k ap patisipe yo. Premye investisman 10 milyon dola ki soti nan pwojè pilòt ke ConnectALL finanse nan kat kominote nò Eta Nouyòk: Vilaj Sherburne (Konte Chenango), Vil Nichols (Konte Tioga), Vil Diana (Konte Lewis) ak Vil Pitcairn (Konte St. Lawrence). Lè yo fini, pwojè sa yo te konekte avèk siksè plis pase 3,000 kay ak entènèt gwo vitès, yo ofri sèvis nan yon pousantaj ki pi ba pase mwayèn rejyonal la.

Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare, "Mwen ekstrèmman kontan wè investisman kontinyèl nan wo debi atravè Pwogram Enfrastrikti Minisipal la. Antanke Prezidan Komite Edikasyon Sena a, mwen konnen jan aksè ak wo debi enpòtan anpil pou opòtinite edikatif ak ekonomik. Nou te wè sa klèman pandan Pandemi COVID la e nou te pran aksyon pou rezoud li. Dewoulman sa a se yon poto enpòtan nan ekite dijital ki dwe gen ladan tou investisman kontinyèl nan alfabetizasyon dijital ak aksè ak aparèy. Mèsi Gouvènè Hochul ak patnè federal nou yo pou investisman ak aplikasyon enpòtan sa a."

Senatè Eta Kristen Gonzalez te deklare, "Aksè a yon Entènèt abòdab ak gwo vitès esansyèl pou chak Nouyòkè reyisi ak viv yon vi ki diy, epi investisman 140 milyon dola jodi a pral konekte plis pase 60,000 kay ak biznis ak opòtinite yo merite. Mwen rekonesan pou Gouvènè Hochul ak Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti Minisipal ConnectALL la nan travay yo pou fè aksè ak wo debi vin yon priyorite."

Manm Asanble Steve Otis te deklare, "Felisitasyon Gouvènè Hochul ak biwo ConnectALL MYS nou an pou dènye anons pwojè ekspansyon enfrastrikti wo debi sa a. Finansman ConnectALL la ap sipòte travay pratik pou deplwaye aksè ak wo debi nan zòn san enfrastrikti ki nesèsè yo. Nou bezwen asire nou ke chak Nouyòkè gen aksè ak wo debi, aparèy ak fòmasyon pou rann alfabetizasyon dijital esansyèl disponib pou tout moun. Sibvansyon ConnectAll sa yo ede nou fèmen espas ki rete yo."

Inisyativ ConnectALL Gouvènè Hochul la

Gouvènè Hochul te etabli Inisyativ ConnectALL 1 milya dola – pi gwo investisman Nouyòk ki te janm genyen nan aksè ak wo debi – pou fèmen divizyon dijital eta a, transfòme enfrastrikti dijital la, epi asire tout Nouyòkè yo gen aksè ak sèvis entènèt gwo vitès ki fyab ak abòdab. Jiska dat, ConnectALL te sipèvize ak siksè lansman ak aplikasyon plizyè pwogram pou avanse aksè wo debi, tankou:

- [Pwogram Ekite Dijital la](#) pral investi 50 milyon dola, ki gen ladan yon alokasyon federal ki omwen 37 milyon dola, pou aplike Plan Ekite Dijital Eta Nouyòk la pou konble divizyon dijital la. Plan an dekri estrateji nan tout eta Nouyòk la pou ogmante kapasite li pou amelyore alfabetizasyon dijital ak konpetans preparasyon pou travay dijital, fasilite aksè ak entènèt ak aparèy abòdab, amelyore konfidansyalite ak sekirite dijital, epi fè sèvis gouvènman an pi aksesib atravè entènèt.

- [Pwogram Koneksyon Lojman Abòdab la](#) pral pote nouvo enfrastrikti wo debi nan kay yo nan lojman abòdab ak lojman piblik k ap pwofite yon investisman federal 100 milyon dola nan Fon Pwojè Kapital Depatman Trezò Ameriken an. Kounye a pwogram nan aksepte aplikasyon founisè sèvis entènèt ak ekspresyon enterè pwopriyete lojman ak otorite lojman piblik.
- Pwogram Deplwaman ConnectALL la pral finanse founisè sèvis entènèt yo pou yo rive jwenn kote ki pa jwenn sèvis ak kote ki pa jwenn ase sèvis yo, ki soti nan yon alokasyon 664.6 milyon dola nan finansman federal ki soti nan Pwogram Ekite, Aksè ak Deplwaman Wo Debi, jan sa dekri nan [Pwopozisyon Inisyal Deplwaman Wo Debi](#) ConnectALL la. Yo prevwa Demann Aplikasyon (Request For Applications, RFA) pou pwogram lan nan otòn 2024.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)